# Ӏиззуддѝн ибн Ӏабдис-сала́м

# (Ӏабдус-Сала́ман кӀант Ӏиззуддѝн)

Кечдинарг:

**Адаман Султанан Олхазар**

http://dinulislam.org

بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ

Чулацам:


**ЦIе а, схьава́лар а** 3

**Ваьхна йолу хан-зама** 3

**Жималла** 5

**Iилма Iамор а, цуьнан цхьаболу шейхаш а** 5

**Дина белхаш** 6

**Нахана пайде хилар** 8

**Бакъдерг алар** 9

**Яздина жайнаш** 11

**Имам Iиззудди́наца дешна болу Iеламнах** 12

**Имам Iиззуддин кхалхар** 12

**ХIара яздеш пайда эцна жайнаш** 13

**Билгалдахарш («Шайхул-Ислам» хьенах олу)** 14


Динул-Ислам, 27.01.2013

http://dinulislam.org

## ЦIе а, схьава́лар а

Абул-Къо́симан Iабдуссала́ман кIант Iабдул-Iази́з ву иза. Iиззудди́н а, ал-Iизз а олуш хилла цунах. «СултIо́нул-Iулама́ъ» «Iеламнехан паччахь» а, «Шайхул-Ислам» «Бусалба динан шейх» а,[1] «Ба́иIул-умаро́ъ» «Куьйгалхой боьхкинарг» а олуш хилла цунах. Цунах «СултIо́нул-Iулама́ъ» «Iеламнехан паччахь» аьлларг цуьнгара Iилма Iамийна волу Имам Ибн Дакъи́къ ал-Iийд ву.

Бух МагIрибера (таханлера къилбаседа-малхбузера Африкан мехкаш) а болуш, дуьненчу ва́лар а, кхиар а, Iилма Iамор а Димашкъехь (Дамаскехь) а долуш хилла иза. Мисрехь (Египтехь) ваьхна иза, цигахь вала а велла иза. ХIижратан терахьца 577 шарахь (1181 шарахь григор. терахьца) вина иза Дамаскехь, 660 шарахь (1261 г.т.) велла иза Мисрехь, таханлера Каирехь. Дала къинхетам бойла цунах.

## Ваьхна йолу хан-зама

Имам Iиззуддин ваьхна йолу хан-зама чIогIа хала хилла.

Цхьана агIор, бусалба нехан юкъара пачхьалкхе (халифат олург) гIелйелла хан хилла иза. Тайп-тайпана меттигашкахь кегий пачхьалкхаш гучуюьйлуш хилла, шаьш коьрта пачхьалкхах къаьстина ю олий. Коьрта паччахь «халиф» гIийла хилла. Дехьа-сехьарчу мехкашкахь цунна доIа деш делахь а, меттигера хьаькамаш урхалла дар тIехь цуьнан куьйгаллий кIелахь хилар чIогIа кIеззиг хилла. Суннатера болчарна а, шиIаташна а юкъара хийро чIагIйелла хилла, шаьш дехачу цхьацца мехкашкахь шайна бовла гIерташ кхийкхамаш беш хилла цара.

Вукху агIор, оцу коьрта пачхьалкхана юкъадогIуш долчу бусалба мехкийн куьйгалхой вовший гамбелла хилла, царна юкъахь къийсамаш хилла, барт боьхна хилла. Паччахьалла къуьйсуш вешо ваша вуьйш, лахарчара лекхарнаш бойъуш керчамаш беш, дуккха питанаш лаьттина цу хенахь. Вовший тIемаш беш а хилла цара, куьйгаллехь болчара цхьа мохк вукху махкана доьхьал боккхий. Вовший тIом бина ца Iаш, арахьарчу мостагIца берта боьлхуш хилла церах цхьаберш, шайца дов долчу кхечу бусалба куьйгалхошна а, мехкадайшна а доьхьал. Цунна масал ду Дамаскера куьйгалхочо жаIарш лелочу эскаршца (крестоносцашца) бина хилла барт, Мисран куьйгалхо хилла волчу шен вешин кIантана доьхьал. Цара шена гIо дийриг, жаIарш лелорхошна Шемара масех гIала дIаелла хилла цо.

Оцу массо хIуманца цхьаьна, арахьарчу мостагIийн бIо а хилла бусалба нахана тIетаьIна. Цкъа доьххьара, Европера схьауьху жаIарш лелорхойн эскарш хилла, Шемара дуккха гIаланаш а, мехкаш а дIалаьцна цара. ТIаккха, оьрсаша «монголо-татары» олурш а хилла, малхбузера дуьйна дIабуьйлабелла Шемах а, Ираках а чекхбевлла, Мисрана гергакхаьчна хилла уьш. Ткъа Миср цу хенахь йиссина тIаьххьара гIап хилла, жаIарш лелорхойн эскаршна доьхьал а, татарашна доьхьал а. И хьал чолхе а, вуно хала а хилла хилар гойту бусалба пачхьалкхан коьрта гIала Багдад татарийн эскаршна хьалха́ йоьжна хилар а, бусалба нехан коьрта паччахь (халиф) цара йийсаре вина хилар а.

Бусалба умматан терахьехь оцу халчу муьрехь ваьхна Имам Іиззуддин. Дуккха болчу Іеламнахана юьстах бовлар гІолий хеттачу хенахь, юкъарчу гІуллакхийн ойла а ца еш, умматан ойла а ца еш, шаьш шайна баьхча гІолий а хетта, массо агІор гІело тІетаІна йолу хан хилла иза. ХІетта а, Имам Іиззуддин а, и санна цхьацца кхиболу Іеламнах а, юьстах ца бевлла, цара дог ца диллина, мелхо а шайга хьега луччул къахьегна цара, хІораммо а шен аьтту болччул, шен ницкъ кхоччучул, Іилма Іаморца а, Іилма хьехарца а, Іилманан хаттарш талларца а, уьш даржорца а, хьехамаш барца а, Бусалба дин нахана юкъахь даржорца а, жайнаш яздарца а.

Ткъа хІокху таханлера вайн халчу заманахь, хІокху чолхечу заманахь а, массо хІума Іаьткъинчу заманахь, дуккханнийн хьекъалш а, дегнаш а хьере хиллачу заманахь, хІара могІанаш яздеш волчу соьга дог ца диллийтинарг а оцу Іеламнехан дахарх лаьцна ойла йар ду. ХІинцачул итт шо хьалха дара иза. Шайгахь оццул хала хьал хиллашехь, шаьш къен-миска хиллашехь, шаьш нийса дерг алар бахьана долуш паччахьаша а, куьйгалхоша а хьийзош, махках бохуш хиллашехь, пачхьалкх а, бусалба мехкаш а декъаделла хиллашехь, тахана вайгахь йолу а, йоцу а юкъараллин цамгарш халкъашлахь хиллашехь, «Риядуссолихьин» а, «ал-АрбаІин» (Шовзткъа хьадис) а, «ал-Азкар» а ца яздеш ца Іийна Имам Нававий, аьлла хийтира суна. Иза хІетахь юьстах ваьллехьара, цо шега далург ца динехьара, Іилманан болх цо ца бинехьара, тахана вайна хазахеташ, вай къобал деш, вайна дукха дезаш вай доьшуш и жайнаш хилла хир дарий? Йа Іилма Іамочара массара а пайда оьцуш долу, цуьнан «ал-МажмуІ» жайна а, «РовдатуттІолибин» жайна а, «Сахьихь Муслиман маьІна дар» а, иштта кхидолу жайнаш а хилла хир дацара, йа церал хьалха вай хьахийнарш а хилла хир дацара. Имам Нававийл хьалха ваьхна волчу Имам Іиззуддинан дахар тІехь вай ойла йича а уьзза го вайна, уьзза кхетам кхоллало вайн, дегайовхо кхоллало вайн, догдилла мегар ца хилар кхоллало вайн. Ткъа иза вайна – вайнахана къаьсттина а, дерриге умматана а – чІогІа оьшуш ду, дегайовхо хилар, геннахь бен яцахь а серло гар, догдахар хилар, вай гІорасиз дечу массо ойланах гена хилар. Вай цхьайолчу агІонашкахь дендала дезаш ду, вукху агІонашкахь кхиа дезаш ду, хІора дийнахь къахьега дезаш ду, дуьненахь а, эхартахь а вай ирсе хилийтархьама. Ткъа вай хІора а ша́ шена воккху ойла, юьстахвоккху ойла, массо хІума дайна даьлла, ша хирг хилла даьлла, цхьанне хІуманах пайда бац, йа даха дог дац бохуш вай гІорасиз ден ойла вай ирсе хиларехь вайна гІо дийр долу ойла яц. ХІан-хІа, Делан къинхетам боккха бу, иза доза доцуш шорта бу, Цо вай тесна дуьтур дац, вай къахьегча Цо вайна дика жамІаш лур ду, вай Шена тІетевжаш хилча Цо вайна гІо дийр ду, вай Шега кхойкхуш хилча Цо вай жоп ца луш дуьтур дац, вай ойла еш хилча вай кхиа ца кхуьуш дуьссур дац, вай вовший къинхетаме хилча вайна тІе Делан къинхетам ца буссуш буьсур бац, вай догдилла йиш йолуш дац, Делан къинхетамах догдиллар доккха къа ду, АллахІ Дела массо хІуманна тІехь ницкъ кхочуш ву, вай Цунна муьтІахь хилахь Иза вайца хир ву, массо хІуманна тІехь ницкъ кхочуш верг вайца хилча, вай Цо леладе боху бахьанаш лелош хилча, вайна кхин хІун оьшу, кхин мел доккха бахьана хила деза дикачуьнга догдаха а, дикачунна тІегІерта а, дикачу агІор хийцадала гІорта а бохуш, иштта сирла, дегайовхо лун ойланаш хила еза вайгахь, уьш яржо а еза вай, шен кхетамехь уьш кхиорца а, шен доьзалехь уьш чІагІйарца а, шена гонаха уьш шен дашца а, шен леларца а йовзитарца а.

## Жималла

Имам Іиззуддин къечу доьзалехь кхиъна. Жималлехь дуьйна шен дена гІо деш хилла иза, шайн доьзална юург латто гІерташ, цкъа цхьа болх беш, тІаккха важа беш, наггахь иза хила а ца хуьлуш. Ша́ чІогІа къен хиларца цхьаьна, жималлехь дуьйна динна тІера хилла иза, ламаз-марха лардеш а хилла. ХІетте а, къелла бахьана долуш Іилма Іамо аьтту ца хилла цуьнан жималлехь, цундела мелла а тІаьхьа волавелла иза Іилма Іамо.

Цуьнан дас Умавий маьждиге (Дамаскера гІарадаьлла долу маьждиг) вуьгуш хилла иза ламазан хан тІехІоьттича. Цу чохь болчу дешнанахах цхьанна гина иза, дика а хетта цунна иза, цундела доІа дина цо цунна. Цхьа хан яьлча цуьнан да велла. Имам Іиззуддин (цу хенахь имам вац иза хІинца а) кхин дан хІума а ца хилла, и шейх волчу вахана, цо шена болх лохуш гІо хир дацара-те аьлла. Оцу маьждигехь цхьацца кега-мерса белхаш дайта дІаэцна цара иза, маьждиган йистехь йолчу чоьнаш чохь буьйса яккха бакъо елла цара цунна.

## Іилма Іамор а, цуьнан цхьаболу шейхаш а

Цхьана буьйсанна маьждиган йистера хІусамашкахь иза вижина а волуш, лийчар тІедоьжна хилла цунна. Уллера гІу чура хица лийчича, шелоно Іовжийна лазийна иза. ШолгІа а наб кхеттачул тІаьхьа, лийчар тІе а доьжна, кхин цкъа а лийча дезна цуьнан. Дукха шийла хиларна, шолгІа лийчича кхетам чура ваьлла охьавоьжна иза. ТІаккха цхьа аз хезна цунна: «ХІай Іабдус-Саламан кІант, болх бан лаьа хьуна йа деша лаьа хьуна?». Цо жоп делла тІаккха: «Деша лаьа суна, хІунда аьлча цо балха тІе нисво дела». Цу дийнахь дуьйна Іилма Іамо волавелла иза, шафиІий мазхІабера «Танби́хІ» цІе йолу жайна цхьа кІеззигчу хенахь дагахь Іамийна цо. Ткъа Дамаск цу хенахь Іилманах а, Іеламнахах а яьккхина хилла, массо меттера Іеламнах богІуш а, гуллуш а меттиг хилла. Ткъа дешархочуьнан цІена а, онда а лаам а, цунах схьа хуьлуш долу къахьегар а, цаьршинна тІе дика деша меттиг а нисйелча, Іеламстаг хила гена дац.

Оцу кеппара, шен заманахь хиллачу баккхийчу Іеламнахана хьалха́ деша аьтту хилла цуьнан. Церах ву масала, хьадисан а, терахьан а Іилмангахь гІараваьлла вевзаш волу Имам Ибн Іаса́кир; хьекъалан Іилманашкахь а, фикъхІан баххаш цІе йолчу Іилмангахь а лаккхарчу тІегІана тІехь хилла волу Имам ал-А́мидий; Имам ГІазалин «ал-Васи́тІ» жайна дагахь хууш хилла волу, фикъхІан Іеламстаг, Дамаскера коьрта къеда, Имам ал-Хьараста́ний; тасаввуфан Іилма а, хьадисан Іилма а, кхидолу Іилманаш а дика девзаш хилла волу, Шейх Іабдул-Къадир Джийланийца Іилма Іамийна хилла волу Имам ас-СухІравардий; иштта кхиболу Іеламнах а.

## Дина белхаш

Iеламнаха тешалла дарца, ша́ Iилма дIахьеха мегар долчу хьоле кхаьчча, фатва дала мегар долчу Iилманан дарже кхаьчча, Дамаскехь тайп-тайпана белхаш дан волавелла иза, ша́ Iамийнарг нахана довзуьйтуш, шех нахана пайда беш.

1. Доьххьара цо бина болх – шен шейх ал-А́мидий хьоьхуш хиллачу хьуьжарехь (таханлера институт тайпа) шариIатан Iилманаш хьоьхуш хилла иза. Цул тIаьхьа Дамаскера кхечу хьуьжаршкахь а, маьждигашкахь а бина цо изза болх, Бусалба динан тайп-тайпана Iилманаш дIахьоьхуш. ТIаккха, Дамаскера паччахьца йолу юкъаметтиг гамйеллачул тIаьхьа, цо махках а ваьккхина, ша́ Мисре веъча, цигахь а елла цуьнга лаккхара доьшийлаш, масала, ас-Со́лихьиййа цIе йолу йоккха доьшийла хилла, диъ мазхIаб хьоьхуш долуш, цу чохь шафиIий мазхIаб хьехар дIаделла цуьнга Мисран куьйгалхочо. Дамаскехь санна, цхьана доьшийлахь хьехна ца Iаш, маьждигашкахь а, вуьшта а хьоьхуш хилла иза, кхечу меттигашкара дешархой богIуш а хилла леррина цунна тIе. Ткъа Мисран паччахьо ша керла институт йича, цига хьехавола аьлла хилла цуьнга, делахь а Имам реза ца хилла, «Солихьиййахь» хьехар тоьар ду шена, кхиболчарна а меттиг йита еза» аьлла цо. Цуьнан замара Iеламнаха тешалла дарца, цо фикъхI хьоьху мажлис уггар хаза а, дика а мажлис хилла. Хьехаран говзалла йолуш а, дешархоша лоруш а хилла иза.

2. Фатва далар. Нехан хеттаршна жоьпаш далар а, церан хьелашна фатва далар а, Бусалба дино бохург царна довзийтар а Iеламстага шена мел иза хала белахь а беш хилла болх бу, ша́ цунна охIлу хилар шена хиъча. Шена иза мел хала белахь а вай аларан бахьана хIун ду аьлча, и болх баккъалла а хала а, дуккха а Iилма оьшуш а, кхераме а болх хилар ду. ХIоьттинчу долчу хьолехь ша́ и болх ца бича ца волу дела, ша́ доьххьара дуьйна иза безаш воццушехь, нахана иза оьшу дела лелийна цо и гIуллакх. «Амма фатва далар – валлахIи со цунах вухавуьйлуш ма вара, хIунда аьлча со тешна волу дела и болх бийриг жоьжахатин йистехь лаьтташ хиларх. ХIокху заманахь Дала сайна иза декхар дина тIедожош ду аьлла сайна ца хеттехьара сой цуьнца бехвина хир вацара ас. Ткъа хIинца сан бехказло ю, декхар а суна тIерадаьлла, со цунах Далла хьалха́ хьалха а ваьлла, хастам бу-кх АллахIана» – иштта аьлла цо шеца девне ваьллачу паччахьо шена тIе геланча ваийтича, фатва лучу балхара ша́ дIаваьккхина хилар хоуьйтуш.

Ша́ Делах кхоьруш хилла хиларе терра, фатва даларехь чIогIа ларлуш хилла иза, шегара цхьа гIалат даьлча иза адамаш гуллучу меттехь дIакхайкхадойтуш а хилла цо, базаршкахь дIакхайкхадойтуш хилла цо, «Ас иштта а, иштта а фатва деллачо цуьнца Iамал ма йойла, иза гIалат дара шуна» олуш. Цо гойту иза ларлуш хилла хилар а, Делах кхоьруш хилла хилар а.

Цундела, иза иштта хилла дела а, иза Iилманан кIорге йолуш хилла дела а, оцу белхан говзалла йолуш хилла дела а, нахана везна иза, нах тешна цунах, наха къобалвина хилла иза, массо меттера нах богIуш хилла цунна тIе, цуьнга шайна фатва деха, шайн хеттаршна а, шайн хьелашна а жоп деха. Цо лучу жоьпашца Iамал еш хилла массара, хьаькамаша а, паччахьаша а, хьолахоша а, мискачара а, гIийлачара а.

Иза гІараваьлла хиларан а, иза генна арахь а вевзаш хилла хиларан тешалла ду, иза Мисре веанчу хенахь цигахь коьрта муфтий хилла волчу Имам Іабдул-Іазим ал-Мунзирийс кхин фатва ца луш сацийна хилла хилар. «Со фатва луш волуш Имам ал-Іизз вацара кхузахь, ткъа хІинца, фатва даларан декхар цунна тІедужуш ду» - аьлла хилла цо.[2] Имам Іиззуддина а бина цуьнан иштта боккха лерам – хьадис дуьйцуш мажлис еш ца хилла цо ша́ Мисре веъча, Имам ал-Мунзирий шел хьалхавоккхуш хилла цо. Ткъа, хууш ма-хиллара, Имам Іиззуддин фикъхІан а, цуьнан баххийн а Іилманашкахь кІорге йолуш хилла, хьадис Іилма хаарца цхьаьна, ткъа Имам ал-Мунзирий хьадисан Іилмангахь кІорге йолуш хилла, важа долу Іилманаш довзарца цхьаьна. Цундела, кхечуьнгахь алсам дерг цуьнга леладайтина цаьршима, иштта вовший лерам а бина цаьршима. И хилла ца Іаш, цхьаъ вукхуьнан дарсе воьдуш а хилла и шиъ. Иштта бу бакъболу Іеламнах. Ткъа иза вайна доккха масал ду. Везан Дела, церан беркатах ма даха Ахь тхо.

Масех жайна а ду цуьнан, цхьадолу цо яздина жоьпаш а, фатваш а гулдеш вовшахтоьхна.

3. Къеда. Дамаскехь волуш цо къеда болх барх лаьцна тайп-тайпана дуьйцу Іеламнаха. Цхьадолчу жайнашкахь цо цигахь и болх бина хилар го, ткъа вукхара цо цигахь и болх бина ца хилла олу. Билггал дерг ду цо Мисрехь и болх бина хилар, Мисран цхьайолчу меттигашкара кхиэл цуьнга дІаелла хилар а. Цу балхахь нийсонца а, бакъонца а, зулам дІаайдарца а, Делах кхерарца а вевзаш хилла иза.

4. Маьждигехь имамалла а, хутІба дар а. Дамаскехь волуш, цигарчу Умавий олучу коьрта маьждигехь хутІба деш а, имамалла деш а хилла Имам Іиззуддин. Делахь а дукха ца бина цо и болх – Дамаскан куьйгалхочуьнца юкъаметтиг галялар бахьана долуш цхьа шо а, цхьа масех бутт а баьлча сецна иза рузба дойтучара. ХІетте а, оцу юкъахь нийса доцу дуккха хІуманаш дІада́хаделла цуьнга, дикка хийцамаш бан а ларийна иза дикчу агІор. Ткъа иза Мисре веъча, цигарчу паччахьо чІогІа лерам беш тІелаьцна хилла иза, Іамр ибн ал-Іа́с асхьаба (Дела реза хуьлда цунна) Африкехь доьххьара дина долчу маьждигехь рузба дайтар цуьнга дІаделла цо. Ткъа шен и болх цо чІогІа тІаламе беш хилла, и бан лууш а хилла цунна, къеда хила лаарал алсам, хІунда аьлча къеда хилар дуккха хала а, Далла хьалха́ кхераме а болу дела. Ткъа кхузахь цуьнга алссам нахана хьехар далур ду, дикачуьнга адам марздалур ду, вочух иза духадаккхалур ду, бакъдерг довзийталур ду. ХІетте а, къеда волчара иза дІаваьлча, рузба дойтучара а дІаваьккхина хилла иза тІаьхьарчу хенахь, Мисрера паччахьца церан цакхетам хилча, жимма тІаьхьа вай дуьйцур ма-дарра.

## Нахана пайде хилар

Имам Iиззуддин хьал долуш стаг ца хилла, йа дакккхий алапаш, бахамаш болуш ца хилла. Цуьнан берриге бахам цхьана жимчу говра биллалур болуш хилла. ХIетте а, шега далуччу кепара нахана гIо деш а, царна пайдане хила гIерташ а хилла иза, ша Iеламстаг хиларан а, бусалба хиларан а декхар кхочуш деш. Ткъа Пайхамара (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) аьлла ду: **«Адамашна юкъахь уггар диканиг – адамашна уггар пайде верг ву».** (ДарукъутIний). **«Нахана юкъахь АллахIана уггар дукха везарг нахана уггар пайде верг ву».** (ТIабараний, Ибн Iасакир).

Цуьнан дахарера вайга кхаьчна долчуьнца вай масал далийча, иштта хIара дийцар карадо вайна цунах льацна дуьйцуш. Дамаскехь цкъа цхьана юкъахь ме́хаш охьадевлла хилла. Бошмаш чIогIа кIеззигчу мехах юхкуш хилла. Имам Iиззуддинан хIусамнанас шен цхьацца деши схьа а гулдина, цунах шайна цхьа жимо беш эцахьара аьлла дехар дина Имаме, аьхкентIехь йовхоно хьовзийча садаIа даха меттиг хир йара вайна аьлла. Дика ду аьлла, и деши дIадоьхкина Имама. Делахь а, новкъахь къе́ нах карийна цунна, гIо оьшуш. И шегара ахча царна дIаделла цо тIаккха. ЦIа кхаьчча, хIусамнанас хаьттина: «Сан лераме цIийнада, вайна беш ийцирий-те ахь?». Имама аьлла: «Ийцира ас хьуна беш, ялсаманехь ерг. ГIо оьшуш нах гира суна, царна юкъахь дIасадийкъира ас и ахча». ХIусамнанас жоп делла цунна тIаккха: «Дала диканца доьхкийла хьуна иза!».

ХIокху цхьана дийцарехь, ойла йича, дуккха пайданаш ду, дуккха дика агIонаш ю. Шен бала кхаьчна ца Iаш, гIийлачеран, мискачеран бала кхачар; ша хьал долуш воццушехь, шена а и ахча оьшуш хиллашехь, шел чIогIа хьашт дерг шел хьалхаваккхар; шен зуда ша́ динчунна реза хир юй хиъча, цунна диканиг дар; шен хIусамнана ша́ динчух цо хьехамца кхетор, дуьненал а гIолий эхартахь дерг дуй дагадайитар; цаьршинан вовшашца хилла лерам; хIусамнана дика зуда а, дика адам а хилар, Делах тешар (ийман) дика долуш хилар; иштта кхидIа а.

Имам Iиззуддин Мисрехь волуш, оьрсийн маттахь «монголо-татары» олучара Шемара мехкаш а, Ирак а схьаяьккхина хилла, бусалба пачхьалкхан (халифатан) коьрта гIала Багдад а цхьаьна. Царна доьхьало йалур йолуш йиссинарг цхьа Миср хилла. Мисран куьйгалхо оцу мостагIийн эскаршца тIом бан кечлуш хилла, делахь а шен эскар кечдан тоам боллуш ахча а, даьхни а тоьаш ца хилла цунна. Цундела, нахера ахча эца дагадеана цунна. Шена дагадеанарг Iеламнах схьа а гулбина, цаьрга хьахийна цо, мостагIашна доьхьало йан эскар кечдан деза, кечам бан беза, цу балхана кхачам боллуш аьттунаш бац пачхьалкхехь, адамашкара ахча гулдан дагадеана шена, иза муха хета шуна аьлла. ТIаккха, Имам Iиззуддина аьлла цуьнга: «Хьайн хIусамехь долу дерриге деши а, дети а ахь цкъа доьхьара юкъадиллахь, тIаккха хьайн баьччанашкахь дерг а ахь юкъадиллахь, шаьш хьанал лелориг а, хьарам лелориг а дерриге, тIаккха ахь иза эскаран гIуллакхе хьажийначул тIаьхьа а хьуна кхин совнаха даьхни тIеоьшуш хилахь, тIаккха дакккха мегар ду ахь нахера ахча, тIаккха гулдан мегар ду ахь адамашкара ахча». Имам Iиззуддин куьйгалхошна хьалха́ чIогIа лерам болуш хилла, уьш цуьнан дашах озалуш а хилла, цо даим бакъдерг а, нийсадерг а олу дела. Цундела, куьйгалхочо цо цигахь аьлларг дина, шена гонаха болчаьрга а уьзза дайтина. И шайн дерриге даьхни Имамана хьалха́ охьадиллина цара. Цул тIаьхьа толам а хилла церан.

ХІетталц цхьанне меттахь эшна доцучу «монголо-татарийн» эскарна тІехь толам баьккхина Мисрера даханчу бусалба нехан эскаро.

Имам Іиззуддина цигахь динарг а, аьлларг а нахана юкъахь даьржина, шайн даьхни лардаран бахьана мила хилла хиъна царна.

Оцу кеппара, хІора адамана шена цхьанна а, халкъана массарна а пайде хилла Имам Іиззуддин. Ткъа хІинца вай дийцинарг оцу хІора агІонах лаьцна цхьацца дийцар бен дацара.

## Бакъдерг алар

**Дамаскан паччахьца хилларг:** Имам Іиззудди́н Дамаскехь волчу хенахь, Шемахь куьйгалла деш цхьа паччахь хилла, ас-Солихь ИсмаІил цІе йолуш, Салахьуддин Аййу́бийн тІаьхьенах волуш. Имам Іиззуддин хутІба а, рузба а дайта хІоттийна хилла цо, Умавий цІе йолчу Дамаскан коьрта маьждиге. Цул тІаьхьа цхьа шо со хан яьлча, оцу паччахьо жаІарш лелорхойн эскаршца бартбина, царна цхьа масех гІап а, гІала а дІаелла цо, цаьргара шена гІо лохуш, Мисрехь паччахь волчу ас-Солихь Аййу́бана доьхьал тІом бан. Паччахьо йина и ямартло шена гича, Имам Іиззудди́на доьхьало йина цунна, минбар тІехь рузбан дийнахь хутІба дина цо паччахьо динчух лаьцна, иза жаІарш лелорхошца берта вахарх лаьцна. ХІетталц ша́ цунна диканиг доьхуш деш хилла долу доІа а ца дина цо цунна.

Цунна оьгІаз ваханчу паччахьо, Имам Іиззудди́н дІалацийтина, чуволлийтина. Делахь а, адамаш меттах а девлла, къеепедацарш совдийла а девлла, иза дІахеца дезна цуьнан. ХутІба а, рузба а дечура сацийна цо иза.

И хІума хиллачул тІаьхьа Имам Іиззудди́н Байтул-Макъдисе (Къудсе) вахана, Дамаскера ара а ваьлла. Иза цигахь а волуш, цу агІор веана хилла Дамаскан паччахь а. Шен цхьа гІоьнча вахийтина цо тІаккха Имамана тІе, цуьнга хаза вистхиле, иза хьаста а хьастий, со къинтІера ваккха ала цуьнга, тІаккха шен хьалхалера гІуллакхе юхаверза ала аьлла. Паччахьана гІоьнча Имам Іиззуддин волчу веана. «Айхьа хьайла беш хилла болу болх а бийр бу ахь, кхин совнаха долу белхаш а хуьлуьйтур ду хьуна, нагахь санна ахь паччахь волчу а веана, цуьнан куьйга тІе барт а баьккхина, иза къинтІера ваккхахь» - аьлла цо Имаме. Ткъа Имам Іиззуддина иштта жоп делла: «ХІай миска! АллахІаца дуй ма буу ас, Солихь ИсмаІила сайн куьйга тІе бартбаккхийта реза хир ма вац со, айса цуьнан куйьгана бартбаккхар-м ас дийца а ца дуьйцу. ХІай нах, аш лелориг цхьаъ ду, ас лелориг кхин ду. АллахІана хастам бу, шу зийна долчух со мукъа витина волчу». Шаьш чувуллур ву хьо аьлла цуьнга гІоьнчас, цо шена иштта жоп делча. «Шайна луъург де» аьлла хилла цуьнга Имам Іиззудди́на. Циггахь схьа а лаьцна, цхьана четар чохь сацийна цара иза.

Оццу юкъахь, царна гена воццуш цхьанакхетта хилла паччахь жаІарш лелорхошца. Имам Іиззудди́на доьшу Къуръан хезча, паччахьо, шен дагахь дозалла деш, куралла еш аьлла жаІарш лелорхошка: «И доьшуш верг хезий шуна? Иза тхан уггар воккха мозгІар

(керстанийн молла) ву оха чувоьллина, оха шуьца бартбарна тхуна цо доьхьало йина дела, тхо шуьца бертадахарна цо инкарло йина дела, оха шуна гIаланаш а, гIепаш а дIайаларна иза доьхьалваьлла дела». Вукхара хIара цецвоккхуш, тIехула тIе сийсазвеш жоп делла: «Иза тхо долчахь велхьара, Делаца дуй ма-буу оха, цуьнан когаш дуьлур ма дара оха, тIакхха и хи дIа а мер ма-дара оха». Оцу кепара шен махкана а, шен нахана а тIера волу, цаьрца иштта догцIена волу, иштта майра волчу цуьнан ши ког буьлур бара оха, ши ког билина хи дIа а мер дара оха аьлла цара.

Цул тIаьхьа дукха хан ца яьлла, Мисрера даьхкинчу эскарша вохийна и паччахь.

**Мисрера куьйгалхошца хилларг:** Имам Iиззудди́н Дамаскехь шеца хилларг хиллачул тIаьхьа Мисре веана. Мисрера паччахьо Аййу́ба чIогIа лерам бина, вазвина тIелаьцна иза. Лаккхарчу меттигашкара белхаш а делла цо цуьнга, жимма хьалха вай ма-дийццара. Оцу белхех цхьаъ хилла кхиэл лелор – Имам Iиззуддин баккхийчу къеданех цхьаъ хилла.

Цу заманахь Мисрера эскаран баьччанаш а, куьйгалхой а цхьана хенахь лайш хилла нах хилла, паччахьо шен тешаме эскар хилийта ба́лийна. Церан цхьацца гIуллакхаш шена хьалха нисделча, хуьлийла уьш йохкар-эцар, зуда ялор-йитар, йа иштта кхидолу гIуллакхаш, Имам Iиззудди́на уьш тIедуьтуш ца хилла, йа уьш бакъдеш ца хилла, нийса лоруш ца хилла, хIунда аьлча ШариIатехь маьрша воцучу стеган бакъо йоцу дела цхьанне кепара мах бан а, лело а. Оцу балхана реза боцу эскаран куьйгалхой а, баьччанаш а паччахьана тIебахана. Ткъа паччахьан коьрта гIоьнча а хилла ша́ оцу кепара. И хIума шега дийцича, паччахьа аьлла хилла: «Иза цуьнан гIуллакх дац».

Паччахьан и дешнаш аьлча, Имам Iиззудди́на ша́ мокъаваьккхина къеданан балхах, ша́ дIаваьлла иза цу балхара. ХIунда аьлча Бусалба динехь паччахьан бакъо йоцу дела къеданан балха юкъагIерта.

Оцу балхара дIаваьлла ца Iаш, кхин цхьа тамашийна хIума а дина Имам Iиззудди́на. Шен хIусам а, цу чура сал-пал а дIа а доьхкина, шен доьзалхо а, шен хIусамнана а эцна, Мисрера дIаваха новкъа ваьлла иза. Иза дIавоьдуш вуйла хиъна долу адам дерриге цунна тIаьхьахIоьттина, цуьнца махкара дIадаха. Iеламнах а, эвлаяаш а, дика нах а, адамашна юкъахь лоруш болу нах а, ур-атталла дечик-пхьар а, аьчка-пхьар а, некъаш цIандийриш а.. массо Имам Iиззудди́наца дIаваха реза а хилла, цунна тIаьхьахIоьттина. Адамашна везаш хилла иза.

И хIума гина болу цхьаболу наха паччахьна тIехьаьвдда, Имам ал-Iизз махках волуш ву, дерриге адам цуьнца дIадоьдуш ду, хьо хьанна паччахьалла лело воллу, аьлла. Паччахь сихонца тIаьхьа вахана Имамана. Дехар дина цо, юхаверзахьара хьо, аьлла, хьуна луъург дийр дара ша́, аьлла. И лайш хилла нах бохка безарехь хьо суна тIе ца тахь, юха вогIур вац ша аьлла Имама. Паччахь реза хилла, тIаккха Имам юхавирзина.

И хIума шайна хиъча, массо кепара оцу хIуманна тIера дIаверзо гIоьртина эскаран баьччанаш а, куьйгалхой а. Хаза дийца гIоьртина, Iехо гIоьртина, хьаста гIоьртина. Кхин шайн гIуллакх ца хилча, иза вен сацам бина цара. Тарраш баттара а даьхна, Имам Iиззудди́нан неIара хьалха хIиттина уьш, хьалхаваьлла паччахьан коьрта гIоьнча а

волуш. Араваьллачу кIантана гина арара сурт. Валарх кIелхьара валахьара хьо, дада, дIагIахьара хьо, аьлла цо шен дега. Хилларг хIун ду дийцича, баьхкинчарна тIе араваьлла Имам, Делан некъахь дIакхалххал ирс долуш вац ша а олуш шен кIанте. Иза вен кечвелла хилла волу паччахьан гIоьнча и гича дегIан меженаш севцца виссина, меттах ца валалуш. Керара тур охьадоьжна, юьхь мажйелла, дегI дегош хилла. Иштта цхьа хан яьлча, вилхина иза, тIаккха Имаме аьлла цо: «Саййиди́, сан эла, хIун дан воллу хьо, дийцахьара ахь». Имама жоп делла: «Массарна дIа а кхайкхош, шу дIадохка валла со». «Мах айхьа схьаоьцур буй ахь?» - аьлла хаьиттина куьйгалхочо. Бу, схьа а эцна, буслба нехан юкъарчу хьашташна хьажор бу ша иза аьлла жоп делла Имам Iиззудди́на. Цунна хьалха велхар а доьссина, цуьнга шена доIа де а аьлла, дIавахана куьйгалхо, шен накъосташца.

И ша́ дан леринарг дан а дина Имам Iиззудди́на тIаккха. Ша́ биъна дуй кхочуш бархьама, йа йина чIагIо кхочуш йархьама ца дина цо иза, оцу баьччанийн а, хьаькамийн а, куьйгалхойн а, паччахьийн а дегнаш чура куралла, дозалла, уьш шайх баккхийбер дIадаккхархьама дина цо иза.

Кхечу наха вайна хьалха дийца хIума делахь, бийца нах белахь, хьехо къонахий белахь, хIай бусалба нах, вайн иштта Iеламнах а, дика нах а, къонахий а хилла шуна. Дерриге адамийн терахьехь (историехь) хилла дац и санна хIума, цхьамма а ца дина Имам Iиззудди́на динарг. Дерриге адамашна хьалха́ дозалла ду Бусалба умматана, и санна стаг царна юкъахь хилла хилар. Оцу веза хинволчу АллахI Дала къинхетам бойла-кх цунах.

## Яздина жайнаш

Имам Iиззуди́н пайде а, дика а жайнаш яздинчу Iеламнахах хилла. Цуьнан цхьадолу жайнаш шаьш яздинчу Iилмангахь коьрта лоруш ду. Церах ду, масала, ФикъхIан баххех а, бакъонех а лаьцна долу гIарадаьлла жайна «КъоваIидул-ахька́м фи́ масо́лихьил-ана́м». ФикъхIан баххаш а, цуьнан бакъонаш а Iамочунна довза дезаш а, деша дезаш а, Iамо дезаш а жайна ду иза. Тахана, ШариIатан Iалашонаш бохучу Iилманна тIе къаьсттина тидам бахийтина хиларна, иза дендан а, кхиийта а гIерташ къахьоьгуш Iеламнах хиларна, Имам Iиззудди́на оцу шен жайни тIехь цу Iилманан бух ларалуш долу дуккха хIуманаш дийцина дела, къаьсттина тидаме оьцуш ду и жайна таханлера Iеламнаха а, дешна наха а.

И доцург, кхечу Iилманашкахь а ду цуьнан яздина жайнаш, масала Къуръанан маЫна деш яздина тафсир ду цуьнан, «Тафсирул-къуръанил-Iазим» цIе йолуш. Кхин а, оццу Iилмангахь, Имам ал-Ма́вардийн «ан-Нукату вал-Iуюн» цIе йолу тафсир дацдеш яздина жайн а ду цуьнан. И шиъ доцург кхин ши жайна ду цуьнан тафсир Iилмангахь.

Хьадисан а, Суннатан а Iилмангахь, Имам Муслиман «Сахьихь» дацдеш яздина жайна ду цуьнан; хIара вай гочдина долу жайна а ду. Пайхамар (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) дIакхалхарх лаьцна жайна ду. Кхин а цхьа масех жайна а ду.

Ламазах а, марханах а лаьцна жима ши жайна ду цуьнан.

Са цIандарх (тасаввуфах, тазкийатах) лаьцна «Мухтасарур-риIайахI» цIе йолу жайна а ду (ал-Хьарис ал-Мухьасибийн «ар-РиIа́йату лихьукъу́къиллá́хI» цIе йолу жайна дацдеш яздина ду иза); «Шажаратул-маIа́рифи вал-ахьва́л» цIе йолу жайна ду.

Фатваш тIехь долуш ши жайна а ду.

Халонех а, ба́ланех а хуьлуш долу пайданаш дуьйцуш цхьа жима жайна ду. ГIазотах лаьцна жайна а ду. Иштта кхидерш а ду.

## Имам Iиззудди́наца дешна болу Iеламнах

Цуьнца дешна болчу Iеламнахах ву: гIараваьлла вевзаш волу Имам Шайхул-Ислам Ибн Дакъи́къ ал-Iийд (цуьнан «Тухьфатул-лаби́б» цIе йолу жайна ду вай аудио маьIна дийриг «Динул-Ислам» сайта тIехь); Имам ал-Къаро́фий, маликий мазхIабера гIараваьлла вевзаш хилла волу Iеламстаг, шен жайнаш тахана а тIехь массара пайда оьцуш лелош хилла волу; Имам Абу́ Ша́махI; Имам Тажуддин ибн ал-Фирка́хь; иштта кхиберш а.

## Имам Iиззуддин кхалхар

ТIехIоьттина хьал хала дара аьлла ца Iаш, дехьара а, сехьара тIетаьIна мостагIий дукха бара аьлла ца Iаш, аьтту бацара аьлла ца Iаш, боккха ницкъ а, гIора а дацара аьлла ца Iаш, зама а, адамаш а, хьелаш а хала дара аьлла ца Iаш, лехча дуккха бехказлонаш шена карор йолллушехь, адамех дIа ца къаьсташ, умматах дIа ца хедаш, керстанехан мозгIарш санна деккъа маьждиг чувоьлла ца Iаш, адамашна шега далуччу кепара гIо деш, ша́ Iилма Iамийна хиларца шена тIедоьжна долу декхар кхочуш деш, 80 шарахь сов дуьззина долчу къинхьегамечу дахарца – иза дуккха хенахь мел къаьхьа хиллехь а – ваьхначул тIаьхьа, шен ойланца а, Iилманца а, къоламца а, куьйгаца а, дегIаца а гIазот деш дахар дIададаьхьначул тIаьхьа, Дала шена хIоттийна йолу Iожаллин хан тIекхаьчча, кхалхар нисделла Имам Iиззуддинан. Иза велла 660 шарахь, хIижратан терахьца, таханлерачу Каирехь. Цигара ал-Къаро́фа олучу кешнашкахь дIавоьллина а ву иза.

Цу хенахь Мисран паччахь хилла волчу аз-Зо́хIир Бейбарса ша́ хьалха а ваьлла докъа ламаз дина цунна тIехь,ша́ шен эскарца кешнашка дIа а ваьхьна, ша́ дIавоьллина цо иза. Дамаскехь а, кхечу мехкашкахь а докъа ламаз дина цунна тIехь.

Каирера а, ерриге Мисрера а вуно дукха адам гулделла хилла цу дийнахь, цунна тIехь ламаз дан а, иза дIавуллуш да́къалаца а.

Иза валаран хабар доьххьара шега кхаьчча, Бейбарса аьлла хила, халахетта: «АллахI воцург кхин дела вац-кх! Со паччахь волуш вели-кх иза». Ша куьйгалла дечу хенахь иза валар халахетта хилла цунна. Кхин а цо аьлла бохуш дуьйцу и веллачул тIаьхьа: «Тахана чIагIдели суна паччахьалла, адамашка цо суна доьхьал довла аьллехьара дIадоккхур

дара цара соьгара иза». Цо ма-аллара иштта нахана везаш а, цара лоруш а, паччахьо аьлларг ца дина а цо аьлларг цара дийр долуш а хилла иза.

Иза валар дуьйцучу меттехь Iеламнаха дуьйцуш кхин цхьа дийцар а ду цунах лаьцна, цуьнан дозалла тIечIагIдеш, цуьнан лакхалла совйоккхуш. Имам Iиззуддин валале хьалха, Мисран паччахь аз-Зо́хIир Бейбарс веана хилла и волчу. Хьайл тIаьхьа хьайн меттиг дIалоцур йолуш, хьайн гIуллакх махкахь дIакхоьхьур долуш, ахь бина болх пачхьалкхехь кхидIа бийр болуш хьайн кIентех цхьаъ билгалвахьара ахь, аьлла дехар дина цо цуьнга. Ткъа Имам Iиззудди́нан цу хенахь масех кIант хилла, церах уггар вевзаш верг Iабдул-ЛатIиф цIе йолуш ву, Iилма Iамош хилла а волуш, Iеламнаха хьехош а волуш хилла ву иза. Паччахьа шега динчу дехарна иштта жоп делла Имам Iиззудди́на: «Цу балхана мегар волуш цхьаъа вац царна юкъахь». ХIаъ, иштта аьлла цо, хIунда аьлча озабезамца а, доттагIаллийца а, гергарлонца а, кхаьънаш даларца а лелош дац и гIуллакх Бусалба динехь. Ткъа Имам Iиззудди́н вуьззина бусалба хилла.

Веза хинволчу АллахI Дала Шен къинхетам бойла цунах, Дала ялсамани лойла цунна. Дукха хIума дитина цо вайна масал эца а, пайда эца а.

## ХIара яздеш пайда эцна жайнаш:

1. «аш-Шейх Iиззудди́н ибн Iабдис-Сала́м, султIо́нул-Iулама́ъ ва ба́иIул-умаро́ъ», Шейх Iалий Мухьаммад ас-Салла́бий.

2. «СултIо́нул-Iулама́ъ», Шейх Салман ал-IавдахI.

3. «ал-Iизз ибн Iабдис-Сала́м, султIо́нул-Iулама́ъ ва ба́иIул-мулу́к», Мултакъол-маза́хIибил-фикъхIиййахI сайта тIера.

## Билгалдахарш

---

1 (3-гIа агIо) Имам Сахо́вийс аьлла: «Iеламнаха олуш хиллачуьнга хьаьжча, «Шайхул-Ислам» олу лекха хинволчу АллахIан Жайнина а, Цуьнан Элчанан (Делера къинхетам а, маршалла а хуьлда цунна) Суннатна а тIаьхьавозуш а волуш, Iилманан баххаш а, бакъонаш а евзаш а волуш, Iеламнехан дешнаш кIорггера девзаш а волуш, хуьлуш дерг Къуръанаца а, Суннатца а дуста а, иза цаьршинца тида а хууш а волуш, хьекъалца доьзна дерг а, Къуръанаца-Суннатца доьзна дерг а хаа дезачу кепара хууш а волуш волчу Iеламстагана. (Шен дикаллех а, нийсона тIехь хиларх а, Дала герга хиларх а) нахана беркат хуьлуш волчу, Далан гергара стаг хиларан дарже (эвлаяалле) кхаьчначунна олуш а нисло иза. Бусалба динехь а волуш, бусалба наха лелориг лелош а волуш, къоналлин вонах а, цуьнан цакхетамах а ларвелла хилла волчух олуш а нисло иза. Хало тIехIоьттича (цунна дан дезарг карадайта) нах шега боьрзуш волчунах олуш а нисло иза, юкъарчу нахана оцу дашах лууш дерг и маьIна а ду. Бусалба динехь а волуш къеж а велла, шен оьмар йоккха хиларца шен нийсархойх къаьстина волчунна олуш а хила тарло иза.. Хьалха хилла болчарна юкъахь и дош девзаш хилла дац шина Шайхана Абу Бакарна а, Iумарна а Iелас аьлларг доцург.. (оцу кеппара, и шиъ доьххьара шиъ ву шайна и цIе яьккхинарг, Iелас аьлла цаьршинах иза; тIаккха церал тIаьхьа дикка хан яьлча кхечу Iеламнахана яккха йолийна и цIе. Олхазар). Оцу цIарца бевзаш хилла болчу Iеламнахах ву Абу ИсмаIил ал-ХIаравий.. «Маназилус-са́ири́н» жайна яздина волу, хьанбалий мазхIабехь хилла ву иза. Абу Iалий Хьасса́н ал-Мани́Iий а ву, шафиIий мазхIабехь хилла ву иза. Абул-Хьасан Iалий ал-ХIакка́рий а ву, шафиIий мазхIабехь хилла ву иза а. Хьанафий мазхIабера Iеламнахах ал-Халил ас-Сижзийх олуш хилла иза, 370 шарахь тIаьхьа велла волчу; Юнус ал-Басрийх а олуш хилла иза, 411 шарахь велла волчу; Iалий ас-СаIдий къеданах а, Iалий ал-Исби́жа́бийх а, Iалий ал-ФаргIа́нийх а, Мухьаммад ал-Хьулмийх а, ал-Iимад ас-Синдийх а, ал-МутIаххIар аз-Занжа́нийх а, Садид ал-Хьанна́тIийх а олуш хилла иза.
ШафиIий мазхIабехь хилла волу Устаз Абу Iусман ИсмаIил ас-Со́бу́ний а хилла цу цIарца гIараваьлла, Тажуддин ибн ал-Фирка́хь а хилла. Ибн Дакъи́къ ал-Iийда шен шайхах Ибн Iабдиссаламах а яьккхина и цIе. Абул-Фараж ибн Аби Iумар а хилла цу цIарца гIарваьлла вевзаш, иза хьанбалий мазхIабехь хилла ву, оцу мазхIабехь доьххьара хилла къеда а ву. Ибн Дакъи́къ ал-Iийд а, Ибн ТаймиййахI а хилла цу цIарца гIараваьлла вевзаш. Ткъа Имам ал-Миззийс шен замахь хилла болчарна цхьанна а и цIе йоккхуш хилла яц, Ибн ТаймиййахI а, Ибн Аби Iумар а, Такъиййуддин ас-Субукий а воцучунна. Цуьнан заманахь а, цуьнан кIентийн заманахь а совдаьлла хилла ду и цIе яккхар, къаьсттина Шемахь.
ТIаккха Сирожуддин ал-Булкъи́нийх олуш хилла иза, цуьнан заманахь цунах бен олуш а ца хилла иза..
Цул тIаьхьа, бархIолгIа бIешеран коьртехь дуьйна багар ца баллал дукха нахана яккха йолийна и цIе. Коьрта къеда хIоттийнаунна а йоккхуш хилла иза, мел цуьнгахь Iилма дацахь а, мел иза ханна жима велахь а.. ХIора цIе хIинца ша-ша яьккхича а тахана адамашна юкъахь и цIе шен хила хьакъ долуш цхьаъа воццушехь, кхетам боцучу наха и дуккха долу куцош (цIерш) цхьана стагах яха а йолийна. Ткъа тамашийна дерг ду цхьаболчара (Iеламнаха) цара деш долу и хIума тIелацар..
Ткъа ас шех лаьцна хIара жайна яздеш волчунах а ала догIуш хилла ду и дош, (Дала къинхетам бойла цунах), хIунда аьлча оцу цIеран ас дийцина долу маьIнеш дуккхах дерш цуьнца до́гIуш хилла долу дела, цуьнан заманахь хиллачу Iеламнаха и цIе яьккхича цуьнца и воцург кхин лууш хилла воцу дела». Чекхдели Имам Сахо́вийс аьлларг. «Ал-джавахIиру ваддурар фи таржамати-бни хьаджар», 65-68.
ТIаккха, Имам Сахо́вийс хьахийна а боцуш, и цIе йоккхуш хилла болчу Iеламнахах ву Имам Нававий, Имам Ибн Iабдил-Барр, Имам Закариййа ал-Ансо́рий (хIара имам къаьсттина оцу цIарца вевзаш ву, йа и цIе цунна даим йоккхуш ю),
ТIаккха, Iусманийн (туркойн) пачхьалкхан Iедалехь динан гIуллакхийн урхаллийна хIоттош волчух олуш хилла «Шайхул-Ислам», иза коьрта муфтий хилла, паччахьан омрунаш тIечIагIдийриг хилла, динан гIуллакхийн таханлера министар санна а хилла, йа вуьшта аьлча динца долчу гIуллакхашкахь пачхьалкхехь уггар лакхарчу даржехь волчунах олуш хилла иза. ТIаьххьара оцу даржехь лаьттинарг дIадаханчу бIешеран юьхьехь ваьхна волу Шайхул-Ислам МустIафа Сабри́ ву.

---

2 (7-гІа агІо) Карарчу хенахь Имам Мунзирийн жайни тІера хьадисаш ду вай гочдийриш, «Динул-Ислам» сайтан «Хьадис» агІона тІехь. «Диканиг марздар а, вочух кхерам балар а» цІе йолуш ду цуьнан и жайна, дерриге хьадисаш дуьйцуш а долу.